Ассаламу гІалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№38-39
( 9488-9489)

2013 соналъул
24

ХАМИЗ

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА



## Пресс-хъулухъалъ лъазабулеб буго

Жавгьарат АхІмадудинова, райадминистрациялъул пресс- секретарь

# ККАРАЛ ЗАРАЛАЛ КІУДИЯЛ РУГО





-Араб анкьалъ рарал кутакал цІадаца гІезегІанго зарал гьабун буго нилъер районалъул росабалъ,-ян байбихьана итни къоялъул иргадулаб данделъиялда районалъул бетІер МухІамад ПатхІулаевас.

Цо-цо росабалъ рихххизарун руго гІадамазул рукъзал, руго гьединго жаниб лъим кІанцІун зарал гьабурал минабиги. Лъеца бахъун ун буго ункъго кьо, гъоркьиса рарал цІиял кьоялгицин. Иххал жанир кІанцІун хвезарун руго гІадамазул ахал, хурзал, рихххизарун руго нухал, дамбаби, подпорныял къадал.

Гьединго кІудиял заралал гьарун руго гІадамазе Бабаюрталъул зонаялда бугеб Бутуш хъутаналдаги. «Аксайка» лъар борхун, лъим кІанцІун буго гІадамазул рукъзабахъе, гІи-боцІуе рарал бокьазухъе. Гьел гІадамазе ккарал заралал рецІиялъул суал борхизе батила Республикаялъул хІукуматалда.

Росабалъеги щун данделъиялде вачІарав Болъихъ бугеб ЧСалъул отделалъул нухмалъулев ГІабдурахІманхІажи МуртазагІалиевас мухІканго, тарихаздалъун бицана ккарал заралазул: биххизабун буго ункъго мина, 13 минаялъубе кІанцІун буго лъим, батІи-батІиял заралал ккараб буго 35 мина ва 25 хозпостройка, иххаз хвезабун буго 0,1 га ахазул. Лъеца чурун ун буго 0,2 км. нухазул ва 13,3 км. нухалъе заралги гьабун буго. ТІубанго хвезабунги ва зарал гьабунги буго 0,7 км. дамбаялъул.

Жеги киналго росабалъан баянал щун гьечІиланги абуна гьес.

Нухазул участкаялъул ва ЧСалъул отделалъул хІалтІухъабазе районалъул бетІер МухІамад ПатхІулаевас гьенибго тІадкъаялги гьаруна.

***Ж. АХІМАДУДИНОВА.***

# Руччабазул форум тІобитІана

Дагьаб цебегІан райадминистрациялъул данделъабазул залалда тІобитІана руччабазул форум. Гьеб рагьана районалъул бетІер МухІамад ПатхІулаевас.

-ХІурматиял руччаби, улбул -ян байбихьана гьес-баркула киназдаго байрам-КІудияб ВатІанияб рагъда Совет халкъалъ босараб Бергьенлъиялъул къо. Гьединго баркизе бокьун буго гІадамалги гІадамазул унтиги бичІчІулев, ВатІаналъеги Дагъистаналъеги пайдаги бугев президент нилъее щвейги. Дагъистан кидаго урхъун букІана гьединав Президентасухъ. Амма кинабго жо гьесда бан тезе бегьуларо. Цо чиясда бан иш тІубаларо. Нилъецаги гьабизе ккола кІвараб кумек. ЧІужугІадан, гьей ккола гІумрудул байбихьи. Гьединлъидалин нилъер анкьумумуз гьелъул кІудияб адаб-хІурмат гьабулеб букІараб.

Жакъа руччаби руго тохтурзабиги, учительзабиги, журналисталги, юристалги ва гь.ц.

Амма тІолгоязе гуро хІалтІаби щолел ругел. Гьединлъидал къваригІун буго фабрикал-заводал рагьизе, гьелъиейин абуни къваригІуна гІарац. ГІарцудалъун кумек гьабизе рагІи кьуна республикаялъул нухмалъулезги. Эбел ккола лъимал цІунулей къолденлъунги, гьезул гьунаразул матІулъунги. Гьелдалъунги къокълъуларо гьелъул хІалтІи.

Ахир 8-аб. гьум.



# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**Об определении схемы избирательных округов по выборам депутатов сельского собрания муниципального образования «село Кванхидатли» Ботлихского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской федерации» избирательная комиссия муниципального образования «село Кванхидатли» **постановляет:**

1. Утвердить измененную схему избирательных округов по выборам депутатов сельского собрания муниципального образования «село Кванхидатли» Ботлихского района (прилагается)
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель избирательной комиссии М. Иманшапиев**

**Приложение к постановлению собрания Депутатов муниципального образования «село Кванхидатли» Ботлихского района от 13.05.2013 года №8**

**Схема единого многомандатного избирательного округа для проведения выборов депутатов сельского собрания муниципального образования «село Кванхидатли » Ботлихского района**

| Наименование избирательного округа | Границы избира тельного округа | Наименование и местонахождение избирательной комиссии, на которую возложены полномочия окружной избирательной комиссии | Коли чество избира телей в округе |
|---|---|---|---|
| Единый семимандатный избирательный округ «Кванхида тлинский» (7) | В границах всей территории муници пального образования «село Кванхи датли» | Избирательная комиссия муниципального образования «село Кванхидатли», с. Кванхидатли, Ботлихского района Республики Дагестан | **208** |
| | | | |

## Списочный состав членов участковых избирательных комиссий Ботлихского района с правом решающего голоса, утвержденный территориальной избирательной комиссией на период 2013 - 2018 г.г.

| № | Ф.И.О. | Дата рождения |
|---|---|---|
| **162** | **АЛАКСКИЙ** | |
| 1 | Кусигаджиев Сайдархан Абдулсайгидович (пред.) | 1968 |
| 2 | Гаджиева Мадина Кадитловна | 1982 |
| 3 | Хайбулаев Роман Магомедрасулович | 1975 |
| 4 | Асрудинова Хасинат Магомедбековна | 1983 |
| 5 | Байраков Камиль Абдулбакиевич | 1969 |
| **163** | **НОВОАЛАКСКИЙ** | |
| 1 | Магомаев Камильбек Абдулмажидович(председ.) | 1960 |
| 2 | Мансуров Магомедшакир Гаджимагомедович | 1964 |
| 3 | Гарзатилаев Загид Курамагомедович | 1972 |
| 4 | Алиев Магомед Ахмедудинович | 1966 |
| 5 | Арипов Замир Арипович | 1971 |
| 6 | Цараинов Рамазан Исрапилович | 1974 |
| 7 | Гаджиев Абдулпатах Кадитлович | 1986 |
| **164** | **БЮРУКУТАНСКИЙ** | |
| 1 | Муртазалиев Муртазали Магомедхалимович(председ.) | 1957 |
| 2 | Сайгидова Нурият Магомедсалиховна | 1971 |
| 3 | Ахмедбегов Шамиль Ахмедгаджиевич | 1974 |
| 4 | Нуцалханов Шамиль Гусейнович | 1984 |
| 5 | Сагитов Зубаир Залумханович | 1968 |
| **165** | **АНДИЙСКИЙ** | |
| 1 | Гаджиев Арсен Будаевич(председатель) | 1977 |
| 2 | Магомедов Умахан Муртазалиевич | 1975 |
| 3 | Закаев Гаджимурад Джавпарович | 1974 |
| 4 | Магомедов Магомедрасул Муртазалиевич | 1980 |
| 5 | Хасаймирзаев Хасаймирза Ахмеднабиевич | 1973 |
| 6 | Магомедгаджиев Сарит Магомедович | 1975 |
| 7 | Увайсов Надир Ахмеднабиевич | 1982 |
| **166** | **САТАЛАЛЬСКИЙ** | |
| 1 | Кабулов Сарит Зулпукарович(председ.) | 1969 |
| 2 | Адилов Магомед Абдулатипович | 1958 |
| 3 | Гаджиев Уцуми Ахмедович | 1986 |
| 4 | Магомедов Назир Сайдахмедович | 1964 |
| 5 | Бадукуев Хизри Ахмедович | 1964 |
| 6 | Магомедов Ибрагимгаджи Абдулхамидович | 1971 |
| 7 | Магомедов Ахмеднаби Абдулхамидович | 1965 |
| **167** | **ГУНХОВСКИЙ** | |
| 1 | Хериясулаев Али Хериясулаевич(председ.) | 1974 |
| 2 | Расулов Джавпар Баширович | 1976 |
| 3 | Магомедов Адам Ахмедович | 1972 |
| 4 | Абдусаламов Абдусалам Рамазанович | 1963 |
| 5 | Магомедова Гульжанат Хункархановна | 1978 |
| **168** | **ЦИБИЛЬТИНСКИЙ** | |
| 1 | Алиев Шамиль Нажулаевич(председ.) | 1978 |
| 2 | Измаилова Патимат Исмаиловна | 1965 |
| 3 | Магомедхабибов Магомедрасул Ханмагомедович | 1957 |
| 4 | Магомедхабибова Кулпат Магомедрасуловна | 1994 |
| 5 | Рамазанов Мурад Джамалулаевич | 1984 |
| **169** | **БУТУШСКИЙ** | |
| 1 | Набюлаев Ахмедрасул Магомедович(председ.) | 1958 |
| 2 | Магомедов Арсен Сайдулбаталович | 1972 |
| 3 | Набиюлаев Абубакар Арзулумович | 1963 |
| 4 | Абдулкадиров Камал Раджабович | 1980 |
| 5 | Алхасов Раджаб Магомедович | 1981 |
| 6 | Зулумханов Шамиль Магомедмирзаевич | 1989 |
| 7 | Магомедов Камал Аслудингаджиевич | 1985 |
| **170** | **АНСАЛТИНСКИЙ** | |
| 1 | Джаватханов Магомед Батирович | 1958 |
| 2 | Нурахмаев Магомед Абдулхакимович(председ.) | 1964 |
| 3 | Абдулвагабова Хадижат Абусовна | 1971 |
| 4 | Сайпулаев Тага Абдурахманович | 1987 |
| 5 | Магомедова Маржанат Раджабовна | 1970 |
| 6 | Абдурахманова Гадигат Магомедовна | 1959 |
| 7 | Омарова Марзигат Магомедовна | 1984 |
| **171** | **БАЙЧОВСКИЙ** | |
| 1 | Лабазанов Лабазан Раджабович(председатель) | 1984 |
| 2 | Магомедова Хазай Нурахмаевна | 1964 |
| 3 | Магомедова Умакусум Сулеймановна | 1986 |
| 4 | Магомедова Хабизат Сулеймановна | 1989 |
| 5 | Мухтарова Хадижат Камалудиновна | 1985 |
| 6 | Сайпулаева Жарадат Убайдулаевна | 1987 |
| 7 | Дибирова Баху Рахматулаевна | 1991 |
| **172** | **ЧУБУТЛИНСКИЙ** | |
| 1 | Магомедов Абас Сайфудинович | 1965 |
| 2 | Магомедов Мурад Курбанович | 1972 |
| 3 | Гамзаев Набигула Магомедович | 1959 |
| 4 | Магомедов Магомед Джамалович | 1968 |
| 5 | Юсупов Ахмед Магомедович (председ) | 1965 |
| **173** | **СТАРОКАРАТЮБИНСКИЙ** | |
| 1 | Салихов Ахмед Магомедович | 1966 |
| 2 | Гайдарбегова Аминат Курбановна | 1966 |
| 3 | Гадаева Разият Нурудиновна | 1964 |
| 4 | Гайдарбегов Магомед Ахмедович(председ) | 1965 |
| 5 | Гайдарбегов Дибир Гайдарбегович | 1987 |
| **174** | **АШАЛИНСКИЙ** | |
| 1 | Пазруев Гусен Соломанович(председ.) | 1968 |
| 2 | Иманалиев Гасанхан Валиевич | 1948 |
| 3 | Абдусаламов Мусалав Умарович | 1969 |
| 4 | Хайбулаев Расул Магомедханович | 1979 |
| 5 | Султанов Алиасхаб Рамазанович | 1983 |
| **175** | **АЙТХАНСКИЙ** | |
| 1 | Баширов Махмуд Гаджиназарович(председ.) | 1967 |
| 2 | Пазруев Салимгерей Соломанович | 1962 |
| 3 | Баширов Халид Гаджиназарович | 1972 |
| 4 | Амирханов Сагидали Ибрагимович | 1978 |
| 5 | Абдулаев Абдулахи Айдемирович | 1962 |
| **176** | **БОТЛИХСКИЙ** | |
| 1 | Азаев Гаджимурад Гаджиевич(председ) | 1978 |
| 2 | Магомедов Омар Ахмедудинович | 1971 |
| 3 | Абакарова Мадина Гасановна | 1980 |
| 4 | Манапов Магомед Магомеднурович | 1984 |
| 5 | Дибиров Магомед Магомедрасулович | 1988 |
| 6 | Абакаров Магомед Абакарович | 1975 |
| 7 | Дибиров Магомедбег Камалбегович | 1990 |
| **177** | **ПУТИНСКИЙ** | |
| 1 | Окиев Иса Камилович(председатель) | 1959 |
| 2 | Измаилова Хадижат Магомедовна | 1969 |
| 3 | Абусов Шарудин Дербишевич | 1971 |
| 4 | Омаров Магомед Гаджиевич | 1989 |
| 5 | Магомаева Ханика Ахмедхабибовна | 1964 |
| 6 | Рамазанова Халимат Нажуевна | 1962 |
| 7 | Омарова Патимат Омаровна | 1955 |
| **178** | **МИКРОРАЙОНСКИЙ** | |
| 1 | Магомедалиев Магомеднаби Омарович | 1969 |
| 2 | Азаев Магомед Тагирович | 1952 |
| 3 | Магомедов Магомед Тагаевич | 1979 |
| 4 | Дадилов Мурад Нажулаевич(председ.) | 1974 |
| 5 | Запиров Ахмед Абакаргаджиевич | 1975 |
| 6 | Гамзуев Ахмед Шахруевич(коиб) | 1983 |
| 7 | Бартиев Рамазан Саидшамилович | 1989 |
| **179** | **ТАСУТИНСКИЙ** | |
| 1 | Абдулмаликов Камиль Алиевич(председ.) | 1966 |
| 2 | Магомедбегов Магомед Алиевич | 1965 |
| 3 | Рамазанов Зайналбег Арзулумович | 1965 |
| 4 | Нажмудинов Пайзула Магомедханович | 1972 |
| 5 | Сусуева Лайла Мутиевна | 1976 |
| **180** | **АШИНОВСКИЙ** | |
| 1 | Мажидов Абдусалам Магомедович(председ) | 1977 |
| 2 | Абдусаламов Гаджи Сайгидинович | 1945 |
| 3 | Чупанов Арабег Магомедович | 1973 |
| 4 | Абдулпатахов Али Булачович | 1959 |
| 5 | Чупанов Ражабдибир Абдулхаликович | 1957 |
| **181** | **ГАГАТЛИНСКИЙ** | |
| 1 | Шихабудинов Рамазан Джамалович(председ) | 1955 |
| 2 | Кадиргаджиев Джапар Биларович | 1965 |
| 3 | Ибрагимов Расул Бетирсултанович | 1962 |
| 4 | Темирсултанов Сайпудин Исрапилович | 1987 |
| 5 | Халидбегов Ханали Умалатович | 1953 |
| 6 | Назирбеев Салатгарей Исрапилович | 1985 |
| 7 | Ибрагимов Темирсултан Шахбанович | 1993 |
| **182** | **ГАГАТЛИНСКИЙ 2** | |
| 1 | Шамилов Рашитхан Омарович(председ.) | 1974 |
| 2 | Назирбеев Сайпула Исрапилович | 1983 |
| 3 | Амралов Арби Ахмедович | 1988 |
| 4 | Аликиличов Аслудин Керимович | 1985 |
| 5 | Атабеев Руслан Тарасбеевич | 1979 |
| **183** | **АЛИБЕГОТАРСКИЙ** | |
| 1 | Рамазанов Мавлидин Халитбекович(председ.) | 1973 |
| 2 | Умаханов Халидбек Асламханович | 1943 |
| 3 | Занкуев Саид Асламханович | 1962 |
| 4 | Болатханов Ахмед Узулаевич | 1962 |
| 5 | Гасанханов Халидбей Хангереевич | 1970 |
| **184** | **ГОДОБЕРИНСКИЙ** | |
| 1 | Саидкадыров Саиткадыр Сапигулаевич(пред.) | 1956 |
| 2 | Пахрудинов Хизбула Зайнудинович | 1966 |

3 Гаджиева Мавлюдат Имангазалиевна 1957
4 СУЛЕЙМАНОВ Халилула Курбанович 1957
5 Магомедрасулова Заира Курбангаджиевна 1977
6 Магомедов Шамсула Нухидинович 1967
7 Джахбаров Сулейман Курбанович 1957

185 ЗИБИРХАЛИНСКИЙ

1 Таймасханов Айдемир Гаджиевич (председ.) 1962
2 Сайпудинова Патина Нурмагомедгаджиевна 1967
3 Изудинова Жарадат Османовна 1951
4 Шахбанов Шахрулабазан Магомедович 1971
5 Таймасханов Шамиль Айдемирович 1991

186 БЕЛЕДИНСКИЙ

1 Омаров Магомед Арсакаевич(председ) 1961
2 Омаров Расул Магомедович 1989
3 Омарова Нуцала Арсакаевна 1954
4 Багавудинова Шанисат Хамидовна 1964
5 Саадуев Джамирза Магомедович 1941

187 КОМАРХУТОРСКИЙ

1 Абдурахманов Абакар Исалдибирович(председ.) 1970
2 Омаров Гасан Лабазанович 1952
3 Магомедов Ибрагим Абдурашидович 1975
4 Омаров Джалалудин Гасанович 1986
5 Абдурахманов Магомедгаджи Исалдибирович 1966

188 ЗИЛОВСКИЙ

1 Муртузов Омарасхаб Магомедович(председ.) 1959
2 Гойтиев Хасболат Шахруевич 1977
3 Гойтиев Айдемир Шахруевич 1980
4 Ахмедов Магомед Османович 1973
5 Магомедов Усман Абдурахимович 1968

189 КАПЛАНОВСКИЙ

1 Хайрулаев Абдула Магомедович(председ.) 1976
2 Мирзаев Магомед Хадисович 1959
3 Гаджиев Хабиб Сахратулаевич 1987
4 Нураев Магомед Мусаевич 1980
5 Магомедов Саадула Курбанович 1964

190 КВАНХИДАТЛИНСКИЙ

1 Курбанов Курбан Лабазанович(председ.) 1986
2 Расулова Рабият Асадулаевна 1983
3 Расулова Баригат Шейховна 1947
4 Сайдова Зулхижат Рамазановна 1975
5 Апандиев Абдулбасир Мовлидмагомедович 1983

191 КИЖАНИНСКИЙ

1 Магомедалиев Рамазан Магомедович(председ.) 1960
2 Мирзаханов Магомед Магомедкамилович 1971
3 Гаджиев Рамазан Магомедович 1973
4 Нурмагомедов Беки Алхасович 1966
5 Омаров Курбанали Омарасхабович 1971

192 СТАРОАРТИЗАНСКИЙ

1 Магомедов Алиасхаб Мирзабекович.(председ.) 1953
2 Газиев Шахрурамазан Исламович 1963
3 Магомедова Сапият Магомедовна 1986
4 Юсупгаджиев Касум Магомедович. 1964
5 Юсупгаджиев Гимбат Магомедович. 1966

193 МИАРСИНСКИЙ

1 Абакаров Ибрагимхалил Абакарович(председ.) 1951
2 Муртазалиев Нурмагомед Магомедханович 1957
3 Магомаев Абубакар Магомаевич 1952
4 Нурмагомедов Нурмагомед Омарович 1961
5 Абдуллаев Магомедсайгид Абакарович 1972
6 Ахмедова Мадинат Лабазановна 1963
7 Магомедова Патимат Ахмедовна 1986

194 МУНИНСКИЙ

1 Нуцалханов Магомед Закарьяевич(председ.) 1963
2 Мансуров Амин Магомедович 1956
3 Мансуров Магомед Назирович 1958
4 Идрисова Айшат Мухтаровна 1958
5 Аминов Магомед Дибирдадаевич 1959
6 Магомедов Магомедибир Абдулаевич 1957
7 Магомедов Магомедрасул Гасанович 1959

195 ЗАРЕЧНЫЙ

1 Алиев Лабазангаджи Магомедрасулович(пред.) 1977
2 Нурмагомедов Нурмагомед Алиевич 1970
3 Курбанова Эльмира Магомедовна 1985
4 Алиев Микаил Гусейнович 1972
5 Шахруев Курбан Лабазангаджиевич 1979
6 Магомедов Лабазангаджи Гасанович 1971
7 Магомедов Камалудин Алиасхабович 1978

196 ОРТОКОЛИНСКИЙ

1 Хаджаров Шарапула Магомедович(председ.) 1953
2 Лабазанов Али Магомедович 1968
3 Ахмедханов Рашид Ахмедханович 1982
4 Гаджимагомедова Гадият Гусейновна 1970
5 Шахрудинов Магомедмирза Хадисович 1961

197 РУШУХИНСКИЙ

1 Магомедов Завур Шамсуевич(председ.) 1978
2 Лабазанова Зайнаб Хакимовна 1957
3 Муртазалиева Пари Магомедовна 1981
4 Умаханов Мурад Арашович 1975
5 Анварбеков Хадис Магомедович 1942

198 Н ИНХЕЛОВСКИЙ

1 Гаджиев Магомед Халикович(председ.) 1950
2 Абдурахманова Жансар Алидибировна 1977
3 Абдулаева Патимат Магомедовна 1957
4 Абдулмежидова Патимат Гитинмагомедовна 1967
5 Будунмагомедов Магомедхабиб Магомедович 1974
6 Дербишев Рахматула Магомедович 1962
7 Магомедов Ахмед Курбанович 1972

199 РАХАТИНСКИЙ

1 Алиева Эльмира Магомедовна 1965
2 Шахбанова Зумрат Абакаровна 1966
3 Абдулкаримова Патимат Магомедовна 1966
4 Шахбанов Шахбан Магомедович 1984
5 Алиев Шамил Магомедович 1971
6 Султанова Лайля Абубакаровна(председ.) 1957
7 Алиев Али Даитович 1960

200 РАХАТИНСКИЙ 2

1 Юсупова Рахимат Госеновна 1967
2 Курбанов Гаджи Камалудинович 1984
3 Мутаева Загра Рамазановна 1979
4 Магомедов Абдулмажид Исрапилович(пред.) 1982
5 Магомедова Патимат Омарасхабовна 1982

201 РАХАТИНСКИЙ 3

1 Шихабудинова Разият Исрапиловна 1905
2 Микаилов Гусейн Микаилович(председ.) 1977
3 Сахратулаева Гулишат Магомедовна 1981
4 Алиева Пасихат Абасовна 1989
5 Ахмадулаева Рукият Курбангаджиевна 1972

202 РИКВАНИНСКИЙ

1 Умаев Умахан Ахмеднабиевич(председ.) 1963
2 Гасанов Герей Насрудинович 1963
3 Ахмедханов Ахмедхан Магомедович 1991
4 Газиев Шахбан Рамазанович 1969
5 Саидов Магомедхатиб Зулумханович 1987

203 ДЖУГУТСКИЙ

1 Ибрагимов Ибрагим Алиасхабович(председ.) 1964
2 Исингереев Мажид Мажидович 1948
3 Герейханов Кунтахаджи Салманович 1992
4 Халимов Руслан Булатович 2009
5 Мамедов Магомед Нурмагомедович 1989

204 ТАНДОВСКИЙ

1 Раджабов Шамиль Магомедович(председ.) 1986
2 Абдулвахидов Магомед Меджидович 1953
3 Магомедханов Карим Икрамович 1989
4 Ахмеднабиев Ахмедбег Лабазанович 1963
5 Лабазанов Лабазан Жаватович 1986

205 ТЛОХСКИЙ

1 Шамсудинов Магомед Сиражудинович(пред.) 1960
2 Расулов Магомед Мухтарович 1981
3 Юсупов Алихан Магомедович 1977
4 Газимагомедов Магомед Абдулаевич 1990
5 Лабазанов Осман Магомедович 1978
6 Ибрагимов Магомедсагит Исаевич 1964
7 Гитиновасов Магомедхайир Аминтазаевич 1978

206 ТЛОХСКИЙ 2

1 Аминтазаев Магомедсайгид Курамагомедович(предс.) 1959
2 Нурмагомедов Джамалудин Дибирович 1970
3 Джаватханов Джаватхан Абдурахманович 1990
4 Алигаджиев Алигаджи Умаханович 1977
5 Абдулмажидов Шамсудин Заурбегович 1980
6 Магомедов Шамиль Ахмедович 1976
7 Шамсудинов Абдула Магомедович 1973

207 ХЕЛЕТУРИНСКИЙ

1 Гаджиев Гаджимурад Магомедович(председ.) 1981
2 Газимагомедова Калимат Абдулаевна 1980
3 Магомедова Мадинат Исубовна 1962
4 Зайнулабидова Умукусум Набигулаевна 1963
5 Пайзудинов Хамид Магомедович 1994

208 НОВОХЕЛЕТУРИНСКИЙ

1 Джамалов Магомед Ханигаджиевич(председ.) 1953
2 Назиров Абдулкадир Сайпудинович 1962
3 Сайгитова Райханат Шамсулаевна 1972
4 Магомедов Магомед Хабибрасулович 1962
6 Салимова Загра Магомедовна 1955

209 ЧАНКОВСКИЙ

1 Байсулаев Арсанали Хайбулаевич(председ.) 1974
2 Маматханов Навур Рамазанович 1972
3 Исаков Мурад Бегиевич 1977
4 Чанкаев Чанка Киримханович 1974
5 Анварбегов Амирхан Гасанханович 1945

210 ШИВОРТИНСКИЙ

1 Гусенов Сабигула Абдулхамидович(председ.) 1968
2 Гамзатханов Шарукад Кебедилаевич 1967
3 Гасанов Гасан Абулайсович 1970
4 Исаков Бекмирза Убайдулаевич 1972
5 Байсулаев Умахан Баширович 1978

211 ПРИКУТАНСКИЙ

1 Чанкаев Халид Киримханович(председ.) 1965
2 Зайнуков Рамазан Темирбулатович 1965
3 Хадисов Хайбула Хасаймирзаевич 1962
4 Гусейнов Магомед Джунайдович 1976
5 Исаков Ризван Усманович 1970

212 ШОДРОДИНСКИЙ

1 Закарьяев Закарья Магомедович(председ.) 1955
2 Джаватханов Камиль Магомедович 1958
3 Магомедов Абакар Ахмадулаевич 1966
4 Магомедова Курбанди Магомедовна 1956
5 Хайбулаева Назра Камалудиновна 1964

213 АНХВАЛИНСКИЙ

1 Джамалудинов Гайдар Магомедович 1990
2 Ризванов Гусен Шахбанович 1955
3 Магомедов Умар Давудович 1966
4 Хайрулаев Мурад Хайрудинович 1986
5 Шахрудинов Магомед Батиргаджиевич(пред.) 1957

214 АЭРОПОРТОВСКИЙ

1 Нугаев Магомедгаджи Муртузович 1958
2 Курбанова Рукият Магомедовна 1976
3 Бабкин Дмитрий Николаевич 1986
4 Андреев Иван Николаевич 1972
5 Пименова Ангелика Александровна 1969
6 Титарчук Николай Геннадьевич 1978
7 Гребенской Дмитрий Сергеевич(председ.) 1982

# ГIОЛОХЪАНЛЪИ

## АхIмадил мурад-выставка гIуцIи





АхIмад гьавуна 1989 соналъул, бухIараб ригIидалил къоялъ ГIанди росулъ МухIамадмирзал гьитIинаб хъизамалда. Аллагьасул хIукмуялдалъун АхIмад ва гьесул гьитIинай яц гьарураб къоялдаса нахъе руго мацI лъаларел ва жо рагIунарел. Гьединаб гIузругун жив вижарав вугониги, АхIмадица ракI къварилъизе биччаларо. Гьев цIалана МахIачхъала шагьаралда бугеб мацI лъаларезул ва жо рагIунарезул школалда. Гьенив цIалулагоги АхIмад вукIана мисалияв цIалдохъанлъун. Бицунеб жо рагIулеб гьечIониги ва жиндирго бицизе калам бачIунеб гьечIониги гьев вукIана цIодорлъи чорхолъ бессарав вас.

АхIмадица сверухълъиялъул гIемер хIисаб гьабулаан. ГIодор къоялги кьун шагьаралдаса рокъове росулъе вачIунаго нухда бугеб АхIул-гохIалъухъ балагьун чIола гьев. Рокъов щун чанго къоялдасан гьес байбихьун буго ящикалъул бицатаб кагъатги босун АхIул-гохIалъул макет гьабизе. Гьенир сверухъ ругел мугIрулги, тIад рахулел болъабиги бахъараб суратгIан релъарал лъугьун руго. Жиндир гьабураб хIалтIудасан сверухъ ругезул бугеб разилъи бихьун, АхIмад тIад лъугьун вуго кагъатги кагъат седолеб синуги босун росулъ бугеб шайих ГIумархIажил (рахI) хабада сверухъ бараб рукъалъул макет гьабизе. Гьебги гьесул кьучIаб хIалалъ, релъараб лъугьун буго. КIиабилеб АхIмадил хIалтIи гIандадерий цIакъго рекIее гIуна шайих ГIумархIажил (рахI) зиярат гьезие кIудияб чIухIилъун бугелъул. Гьесул камилаб гьунар бихьун, росуцоял лъугьана гьесда жидееги гьабеян гьаризе. АхIмадил цIакъго гьира банагьеб ишалда тIад чIезе. ЦохIо кагътил хIалтIи гьабун чIечIо АхIмад, эбел-эменгун цадахъ хурив-ахикь индал гьес ракIарулаан улиткаби, синуялъ данде седезеги гьарун гьарулаан гьезул гьадараби, стакаби, сурахIи. Жиндирго ракIалъул лъикIлъиялъ, АхIмадица жинцаго гьаруралщинал жал рикьун руго гIагарлъиялда, гьудул гьалмагълъиялда гьоркьор.

-Цо чанго соналъ цебе телевизоралъухъ балагьун вугев АхIмадида бихьун буго цо чияс цаби рацIцIулел гIучIаз рукъ гьабун. Гьесул махщел бихьун, АхIмадги росун спичкабигун жувана гьодинабго мина гьабизе. Чан сордо-къо араб ракIалда гьечIин бичIчIизабула АхIмадица, амма синуялъул махIалъ мех-мехалда бетIер унтизе гьабулеб букIана. ХIалтIуде бугеб гIишкъуялъ, бетIералъул унтицин кIочонеб букIана гьесда, квенцин лъабцIул хинлъизабизе кколаан гьев кваназе вахъунарого. Гьев хIалтIулеб мехалъ цIакъ захIмалъула гьесул пикру цогидаб жоялде буссинабизе. ТIоцебесеб гьесул хIалтIи, нижер гьариялдалъун, лъуна бичизе росулъ бугеб тукада. Гьеб букIана Китаялъул проекталда рекъон гьабураб рукъалъул макет. ГIемер заманго инчIого гьеб бичана. Гьеб бихьарал ва бокьаралщинал хьвадана АхIмадихъе заказал гьаризе, цояз жидерго минаялъул сурат бачIуна, цогияз гьобго Китайский рукъ гьабеян гьарула. Росдал гIадамазул гурелги, гьесухъе шагьараздасангицин рачIуна заказал. Китайский проекталда гьабураб макет щвана Ростовалдецин. Болъихъ бугеб реабилитационный централъеги гьабуна АхIмадица цIакъго берцинаб чанго макет, амма гIарцухъ гуребха, лъималазе рекIел гьеялъе абун кьуна чIобого. Гьединго росдал администрациялъул гьариялдалъун гьаруна ясли-ахалъул, больницаялъул ва школазул макетал. АхIмадица хIаракат бахъула гьезул тIалабазда рекъон хIалтIи гьабизе. ЦохIо чияс бихьизе гьабичIо рази гьечIолъи. Жив гьавуралдасан нахъе дида гьев васас ракIалде ккезе течIо живго гIинкъав ва мацI лъаларев вукIин. ЦIакъ ракIгъурав, гьунар камилав, гIагарлъи, гьудул-гьалмагълъи хирияв инсан вуго гьев. Дагьал церегIан рачIун рукIана РГВК-ялъул корреспонденталги. Бихьана, ва лъикIаб кьимат кьуна гьесул махщалие-ян васасдасан бугеб чIухIи загьир гьабун бицана гьесул эбел ГьусунуЙ МуртазагIалиевалъ.

-Гьаб сагIаталда АхIмад хIалтIулев вуго жиндир берцинлъи бицун гIадан-чиясул мацIалда бажарулареб ХIежалъул макеталда тIад. ЦIакъ гIемер заман буго гьесул гьелда тIад хIалтIулев. Гьеб макеталъе АхIмадица росана кьер-кьерал чирахъалги, гьелъие бищун гIемер росизе ккана батIи-батIиял алаталги. Гьабураб хIалтIуда гьоркьоб гьеб ккола бищун кIудияблъун.

Кин ракIалда щвараб лъаларо, гьанже АхIмадица гIисинал ганчIалги хъухъан, ункъбокIонал формабиги гьарун, гьезул мажгит гьабулеб буго. Гьесул сабру бихьун, бахиллъун хутIула дун. Буго АхIмадил цо анищги. Гьесие цIахъ бокьун бугоан Болъихъ жиндирго хIалтIабазул выставка гьабизе. Дида лъаларо, лъида тIад гьеб иш кколебали, амма газета гьоркьоб ккун бокьилаан хитIаб гьабизе гьеб ишалъулъ нижей кумек гьабеян абун-ян гьарана гьесул лъади Мисидицаги. ХIисаб гьабуни, хIикматаб махщел буго АхIмадил. ЛъицагIаги мальичIого, кибгIаги гьабулеб бихьичIого, живго устIарлъун вахьана АхIмад. Нилъер гьаб бихха-хочараб заманаялда жидерго гIумру гьабиялъул мурад ккурал гIолохъаби къанагIат ратула. ГIемерлъаги АхIмад гIадинал гIолилал, эбел-эмен, росуцоял разиял. АхIмадил кверзул махщелги щулалъаги хаду-хадубги гIадамазе рохел даимлъизе.

***Б. СУЛТIАНОВА.***







# ВЕТЕРАНАЗУЛ СЕМИНАР

Дагъал церегІан къоязда райвоенкоматалъул данделъиялъулаб залалда районалъул рагъулгун захІматалъул ветераназул советалъул президиумалъ тІобитІана ветераназул росабазулал гІуцІалабазул нухмалъулезул семинар.

Гъениб гьоркьоб лъуна ункъо суал:

а) Ветераназегун пенсионеразе ва инвалидазе пачалихъалъул федералиял ва регионалиял бигьалъаби ва ветераназулаб пособия щвей;

б) Лъимал ва жидехъ социалиял пакетал ругел инвалидал дарабаздалъун хьезари;

в) Инвалидал санаториялъулалгун курорталъулал путевкабаздалъунги ва техническиял алатаздалъунги хьезари.

г) Социалияб хъулухъ гьабиялъул къагІидаби.

Семинар байбихьана ветераназул районалъулаб советалъул президиумалъул председатель К. ШагІбановасул кьокъабго кІалъаялдаса хадуб.

ТІоцебесеб суалалдаса кІалъазе рагІи кьурав, социалияб рахъалъ гІадамал цІуниялъул управлениялъул начальникасул заместитель МухІамад Сакъидибировас мухІканго бицана ветераназегун инвалидазе ва анлъго сониде рахинегІан ругел лъималазеги пачалихъалъулал кумеказул хІакъалъулъ.

-Гьел гІарцулал кумекал нижер управлениялъ рехула почалъул счеталде ва почалъ рикьула лъие щиб кколеб,-ян абуна гьес.

-Жакъа дица нужехъе кьолел руго щибаб бигьалъиялъул букІине кколеб къадар бихьизабураб кьучІал кагътал. Гьединлъидал кІудияб гьари буго росабазул ветераназулал гІуцІалабазул нухмалъулелълъун кколел нужеде гьезулгун гьел бигьалъаби щолезул лъай-хъвай гьабеян. Гьел бигьалъабазул рахъалъ гІоларел рахъазда бан, гьел рачІине ккола нужехъе. Болъихъе щвезегІан риччачІого, нужеца гьаруниги лъикІ букІинаан гьел гІунгутІаби тІагІинариялъе тадбирал. РичІчІунарел суалал ккани, дихъеги ахІе.

Ветераназул советалъул председатель К. ШагІбанов нижер управлениегун цадахъ хІалтІулев гІадин, нужги хІалтІизе ккола почалъул росабазулал отделениябигун. Нужер рес буго пособияби регунищ ругел, яги жиндир заманалда бетІергьабазухъе кьолелищ ругел абун хал гьабизе.

Гъаниб цо-цояз абулеб буго почалъул начальник пособиязул рахъалъ щиб абуниги, хІатта рачІун ругищан гьикъаниги, хъачІго кІалъалин, жаваб кьезе рашуларин. Гьедин рукІине гьезул ихтиярго гьечІо. Пособияби гьезул бетІергьабазухъе щвезариялъухъ гІурабго мухь кьолеб буго почалъе.

Нагагьлъун гьединал хІужаби ккани, нижехъе ахІеян абе нужеца пособияби росулезда. Гьезие гьеб рахъалъ кумек гьабуни, мухь гьечІониги, киригІаги букІина нужее.

Районалъул поликлиникаялъул аптекаялъул заведующий М. МухІамадовас мухІканго бицана соцпакетал кодор ругел чагІазе чІорого дараби кьеялъул бугеб хІалалъул. Араб соналде дандеккун исана гьеб лъикІ бугин абуна гьес. Гьединго гьес абуна инвалидазе дараби щвей-щунгутІи бараб бугин поликлиникаялъ жиндир заманалда ва хІажатаб къадаралда минздравалде заказал кьеялда.

Регионалияб фондалдасан дараби кьейги исана компьютералде бахъун бугин бицана заведующияс. Гьелъги рижинарун руго цо-цо захІмалъаби.

-Дида барабщинаб жо гьабизе буго,-ян абуна гьес,- заявкаялда ругел дараби рачІинариялъеги гьел пакетал кодор ругел инвалидазе тохтурзабазул рецептазда рекъон кьеялъеги.

Жиндирго темаялдаса кІалъазе вахъарав, социалияб страхованиялъул управлениялъул Болъихъ вугев уполномоченный З. Закарьяевас бицана гІинкъазе гІундузда лъолел аппаратал росисе ккани, гьел жалго ине кколилан. Щай гурого, гьел щивасе специалистаз рекъезаризе кколелъул. ГІезегІан техническиял алатал руго инвалидазе чІорого рихьизарун,-ян абуна гьес.

РукІунеб бакІалдасан гьел алатал росисе ккани, щивасул букІине ккола тохтуразулаб комиссиялъ гьесие гьабураб реабилитациялъулаб карта. Гьебги босун вачІине ккола дихъе. Гьесго бицана санаториялде путевкабазул ругел захІмалъабазулги.

ГІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул районалъулаб управлениялъул начальникасул заместитель Х. МухІамаевалъ мухІканго бицана инвалидазегун ветераназе хъулухъ гьабулезул хІалтІул къагІидабазул. Гьединал хъулухъал гьаризе гІадамал гІемерлъун гурони, дагълъулел гьечІин абуна гьелъ.

КІалъазе рахъарал киназго ветераназда баркана КІудияб ВатІанияб рагъда Советхалкъалъ Бергьенлъи босаралдаса 68 сон тІубаялъул хІурматияб байрам. Киназего гьарана сахлъи, рохел ва чІарахьараб гІумру.

Ахиралдаги кІалъазе вахъарав К. ШагІбановас ветераназдехун абуна,- ветераназулгун инвалидазул ва лъималазул ихтиярал цІуниялдаги ва гІун бачІунеб гІелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялдаги сверухъ гьабулеб хІалтІиялъе гІоло, гьале ахираб ункъо-щуго сон буго районалъул ветераназул советалъул цІар республикаялъул ветераназул советалъул ХІурматияб хъорщода бугелдаса. Гьелъул буго нужерги мустахІикъаб бутІа. Хадурккунги гьедин, гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьеялъулъ кІвахІ гьечІого хІалтІизе сахлъиялда тейги нуж,-ян.

Семинаралде рачІаразе кьуна командировочниял гІарцалги.

Ахиралда ветераназ загьир гьабуна бищунго лъикІ букІинин семинаралда бицараб жо, гьенир кІалъазе рахъараз мухІканго ва бичІчІунедухъ хъван районалъул газеталде бахъизе бокьи.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# УЧИТЕЛЬ-ВЕТЕРАНАЛЪУЛ БАРКИ

КІикъоялда анцІабилел соназда гІурус миллаталъул анцІ-анцІ ясалго гІадин, нилъер районалъул лъималазе лъайги тарбияги кьезе ячІана татар миллаталъул гІолохъанай учительница Асият Хамидулинаги.

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалда математикаялъул учительницалъун хІалтІулаго гьелъие Болъихъьго батана жиндирго талихІги. Ригьнаде яхъана Болъихъ военкоматалда хІалтІулев вукІарав, кванхидалъав ШагІбанов МухІамад-гІарипгун.

Гьаруна, гІезаруна ва тарбия кьуна лъималазе. Рос хун хадуб, минаги бичун ана МахІачхъалаялде- лъималазухъе.

Гьей йикІана унго-унгояй, ракІбацІцІадай, щивав цІалдохъанасул къисматалда цебе бугеб учителасул жавабчилъиги бичІчІун хІалтІулей гІадан. Кинабго рахъалъ гьей йикІана цІалдохъабазеги гІолохъанал учительзабазеги чІагояб мисаллъун.

ТІоцебе ТІадегІанав Аллагьасул кумекалдалъун, хадуб жиндирго рос МухІамад-гІарипил квербакъиялдалъун гьей йикІана КъурЪанги цІалулей, какги балей, унго-унгояй бусурбанчІужу. Гьединай йикІиналъ гьей йокъулаан цІалдохъабазул эбел-инсуеги цІалдохъабазеги. МустахІикъаб къимат букІана школалъул ва районалъулгоги педколлективазда гьоркьобги.

КІудияб Бергьенлъиялъул байрамалда цебе Асият Бурагъановналъ дихъе телефоналъ ахІун бачІана. Гьелъ кутакалда гьарана районалъул «Гъудуллъи» газеталда гьаб барки бахъизе кумек гьабеян:

*«Дица кІудияб разилъиялда Болъихъ районалъул КІудияб ВатІанияб рагъул ветераназдаги, дир гІумру жаниб араб Болъихъ росдал тІолалго гІадамаздаги ва гьанже батІи-батІиял ишазда хІалтІулел ругелги хІалтІулел гьечІелги дир ракІарал тІолалго цІалдохъабаздаги ракІ-ракІалъго баркула гитлерилаб Германиялда тІад Советхалкъалъ ва гьелъул БагІараб Армиялъ Бергьенлъи босаралдаса 68 сон тІубаялъул хІурматияб байрам! Гьарула киназего щулияб сахлъиги талихІаб гІумруги. Аллагьас, киналго захІмалъабаздасанги къварилъабаздасанги цІунараллъун ратаги нуж!*

*Жакъаги йохун йикІуна дун балъхъадерица дир гьабулеб букІараб адаб-хІурматалдасанги, гьезул дидехун букІараб лъикІаб, тІалаб-агъазалъулаб бербалагьиялдасанги. Нужехъ батана дие гІумрудулаб талихІги рохелги. Баркала буго нужее, дир хирияб росуцоял!*

*Дунги нуж рокьулей, нужер адаб гьабулей Асият Хамидулина, рагъул ва захІматалъул ветеран, Дагъистаналъул мустахІикъай учитель»*,-ян лъугІинабуна гьелъ.

***ПатІимат ШАГЪРУДИНОВА,***
***гьей гьайбатай учительницаялъул выпускница***

спорт- спорт-спорт

# РАКIАЛДЕ ЩВЕЗАРУНА МУСТАХIИКЪАЛ

АнсалтIа буго спорталъул рахъалъ цебетIураб ва гIемерал машгъурал спортсменал жанир гIураб росу. Гьенир тIоритIулел




киналго спортивиял тадбиразулъ кидагосеб кумек ва квербакъи букIуна росдал администрациялъул ва росдал жамагIаталъул рахъалдасанги. Гьаб заманалда цIакъго цIикIкIараб кIвар гьеб росулъ буссинабулеб буго эркенаб гугариялдехун. Ансадерил гугарухъаби гIахьаллъичIеб турнир цоиги унаро районалдаги ва республикаялдаги. Гьединго гIемерал къецал тIоритIула жибго АнсалтIа росульги. Гьеле, гьединабго эркенаб гугариялъул рахъалъ иргадулаб турнир тIобитIана ансадерица араб анкьалда жидер мунагьал чураял МуртазагIалиев ХIажи Ибрагьимович ва ГIабдулаев Лабазан Шарудинович ракIалде щвезариялъе. Турниралда гIахьаллъи гьабуна 1996 соналъ ва гьелдаса тIадехун соназ гьарурал АнсалтIа, РахатIа, Шодрода, Болъихъ, Микрорайон, МигIарсо росабалъа, гьединго ЦIумада ва Тарумовка районаздаса кинавниги 152 спортсменас. Гьеб букIана исана тIоцебесеб нухалъ тIобитIулеб турнир ва гIуцIалилаб комитеталъ кIудияб кIвар кьуна гьеб берцинго рагIалде бахъиналде. Тадбир бачунев АхIмад Лабазановас кIалъазе рагIи кьуна мунагьал чураязул гIагарлъиялъул вакилзабазе, росуцоял машгъурал спортсменазе, жамагIатчагIазе, районалдаса вакилзабазе. Гьез бицана мунагьал чураял ХIажица ва Лабазаница спорт цебетIеялъе гьабураб хIалтIул, хасго, эркенаб гугариялъе гьез лъураб кьучIалъул хIакъалъулъ. Росдал бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговасги абуна росулъ тIоритIулел спортивиял къецазе гIуцIалилаб хIалтIулъ ва материалияб рахъалъ кумекалъе росдал администрация кидаго хIадураб бугилан.

Гьединал къецал тIоритIиялъ квербакъи гьабула спорт цебетIезаби, гьелдехун рокьи цIикIкIинаби, физическияб рахъ борхизаби, спортивияб махщел цIубай гуребги, лъималазул гьудуллъи щулалъиялъе ва унго-унгоял патриоталлъун гьел рахъиналъе. Гьаб заманалда тарбия кьеялъулъ чара гьечIеб рахъги ккола гьеб.

Къецал байбихьана бищунго тIадагьаб 24 килограммалъул цIайиялдаса. Тарумовкаялъулаз гьеб цIайиялда А. Таймасхановас, 46 кг. Р. МухIамадовас ва 58 кг. ТI. ХIажимухIамадовас ккуна тIоцересел бакIал. ЦIумадисезе щвечIо гьеб турниралда цо гурого 1-себ бакI, 38 кг. цIайиялда бергьана Н. Мусаев. Рокьоб къадазгицин кумек гьабулилан абухъего, лъикIаб хIасил бихьизабуна ансадерил командаялъ, гьезул ункъгояс босана 1-себ бакI: Р. ХIайбулаев-(29 кг.), ГI. ГIабдулхIалимов-(32 кг.), М. МухIамадов-(35 кг.), М. Исраилов-(50 кг.). Исраилов вахъана турниралъул бищунго лъикIав гугарухъанлъунги. 26 килограммалда бергьенлъи босана РахатIаса Н. ГIабдулкаримовас, 42 кг.-М.Расуловас(Микрорайон),54кг-ХI. Балдугъовас, 63 кг.-М. Набиевас ва 69 кг.-ХI. ГIабдулмаликовас (киналго Болъихъ).

Росдал администрациялъ ва спонсораз бергьарал речIчIухъабазе кьуна:

**1-себ бакI-2000 гъур., спонсораз-1000 гъур.**

**2-леб бакI-1000 гъур., спонсораз-1000 гъур.**

**3-леб кIиго бакI-500 гъур., спонсораз-500 гъур.**

Гьединго рихьизарун рукIана хасал призалги: **«Лучший борец», «Лучшая техника», «Приз зрительских симпатий».** Гьел призазе мустахIикъльарал гугарухъабазе администрациялъул рахъалдасан кьуна кубокал, спонсораз-1000 гъурущ щивасе.




ЛъикIаб гIуцIалилаб къагIидаялда, гIадлу-низамгун рагIалде бахъана турнир ва гьелъ бихьизабуна мунагьал чураял ХIажилги Лабазанилги иш ансадерица, хасго ДЮСШялъул хIалтIухъабаз гIодоб течIого цебе бачунеб букIин.

Турниралъул гIуцIалилаб комитеталъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго росдал администрациялъе, гьелъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговасе, МуртазагIалиевазул ва ГIабдулаевазул хъизаназе, финотделалъул нухмалъулев Заур Муслимовасе, райсобраниялъул депутат АхIмад Муслимовасе, АнсалтIаросдалшколалъулдиректор Зайнудин ГIисалаевасе, машгъурав гугарухъан Юсуп ГIабдусаламовасе ва цIарал ккун хъвачIониги гьеб турниралъе материалияб рахъалъ букIа, гIуцIалилаб рахъалъ букIа кумек гьабурал киназего. Кьейги Аллагьас гьезие сахлъи, таги рохун..

*Л. ЛАБАЗАНОВ,*
*ДЮСШялъул директор.*

## ГIандадерил футболистазул иргадулаб бергьенлъи

11 маялда ГIанди росулъ тIобитIана Россиялъул БахIарчи Хъазаналипов МуртазагIали Расулович ракIалде щвеялъул мини-футболалъул рахъалъ турнир. Турниралда гIахьаллъи гьабуна 16 командаялъ. Гьенире рачIун рукIана МахIачхъала, Хасавюрт, Казбек ва нилъерго районаздасаги, гьединго Чачан Республикаялъул Ведено районалдасаги футболистал.

ЦебегIанго цо данделъиялда гIандадерил команда мини-футболалъул рахъалъ пуланаб турниралда бергьун бугилан абидал, залалда ругез тамашалъи гьабуна, гIандадерица футболгийищила хIалеб абун.

ГIандадерица гьаб нухалъги бихьизабуна жидерго футболалъе бугеб махщел ва хIалуцарал къецалъулъ ккуна тIоцебесеб бакI.

КIиабилеб бакI ккуна Казбек районалъул Ленинаул росдал командаялъ. Лъабабилеб бакI босана Шамхалалдаса командаялъ.

ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъ босана турниралъул кубокги 30000гъурущги, ленинаулалъулазе щвана 15000 гъурущ ва лъабабилеб бакI босараб Шамхалалъул командаялъе кьуна 10000гъурущ. Бергьарал командабазе кьуна щибаб даражаялъул медалалги. Кьуна гьединго щибаб номинациялда лъикIаллъун рихьизарурал футболистазе хасал призалги: **«Лучший защитник»-ХI. Митаровасе (ГIанди), «Лучший нападающий»-Ш. МухIамадовасе (ГIанди), «Лучший полузащитник»-Д. Герейхановасе (Шамхал), «Лучший вратарь»-** Ленинаул командаялъул вратарасе.

Гьеб турниралъе спонсорлъиялъулаб кумек гьабуна ГI. ЖабрагIиловас, Р. ЖабрагIиловас ва А. АлбегхIажиевас.

## ГIунрачIунел спортсменазда ракIчIезе бегьула

Казбек районалъул Дылим росулъ 17-19 маялъ тIобитIана СССРалъул спорталъул мастер Муса ГIазаевасул призазе гIоло 1997-1998 соналъ гьарурал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. Гьеб чемпионаталда гIахьаллъана нилъер районалъул Болъихъ, Муни, АнсалтIа росабалъа 14 речIчIухъанги. Къецал рукIана кутакалда хIалуцарал, цо-цо цIайиялъул 37-ниги спортсмен гIахьаллъаралги рукIана категорияби. Нилъер гIисинал гIолилазги хIаракат бахъана жидерго махщел бихьизабизе ва лъикIал хIасилалги росана. 21 спортсменас гIахьаллъи гьабураб 50 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI ккуна АнсалтIаса ИсрагIилов МухIамадица ва 5 речIчIухъанас ккуна лъабабилел бакIал. Гьезда гьоркьоса цояв АнсалтIаса ХIайбулаев МухIамадамин вуго 2001 соналъ гьаврав вас ва 32 кг. цIайиялда 24 гугарухъанасда гьоркьоб гьединаб тIадегIанаб даражаялъул турниралда 3-абилеб бакI щвей хIакъикъаталдаги лъикIаб хIасиллъун рикIкIине бегьула. 3-абилел бакIал ккурал цогидалги спорсменазул цIарал рехселин, ХIажиев МухIамад (35 кг.)-АнсалтIа, Шалапов Рамазан (29 кг.)-Болъихъ, Къасумов МухIамад (24 кг.)-Муни ва НурахIмаев АхIмад (34 кг.)-Муни.

Спортсменаз рихьизарурал хIасилазухъ балагьун кьезе бегьула гьезул тренеразе къимат. Дие бокьун буго чемпионаталде лъимал хIадурарал киналго тренеразе баркала кьезе ва гьаризе гьезиеги спортсменазеги жеги чIахIиял бергьенлъаби.

*Л. ЛАБАЗАНОВ,*
*АнсалтIа ДЮСШялъул директор.*

# *программа*

# Руччабазул форум тIобитIана

Авал 1-себ. гьум.

Гьелъул бугеб кIудияб кIвар бичIчIиналъин жакъа нилъ гьанир ракIарунги ругел.

Хадуб докладалъе рагIи кьола районалъул руччабазул советалъул председатель С. Дамадановалъе .




-ХIурматиял руччаби, хириял улбул, Расул ХIамзатовасул руго гьадинал рагIаби «ЦIуне улбул рагъдаса, чIегIераб кIазалдаса» абурал. Гьединаб ахIиялда тIобитIун букIана МахIачхъала шагьаралда ункъабилеб апрелалъ «Будущее в руках матерей» абураб республикаялъулаб тIоцебесеб форум. Гьеб форум тIобитIиялъги бицунеб буго Дагъистаналъул бетIер ГIабдулатIиповасулги, республикаялъул правительствоялъулги районалъул нухмалъулезулги руччабаздехун, хасго улбуздехун, бугеб бербалагьиги, гьезул нилъедехун бугеб божилъиги. Гьеб битIарабги буго. Киназдаго лъала нилъер ВатIаналъул таварих. КигIан бокьаниги мисалал руго 1941-1945 соназ чIужугIадан эбелалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъулги кьо хIехьеялъулги захIматалъулъ тIураб гIетIалъулги. ЧIухIизе ккола нилъерго бахIарчиял умумуздасан, кIвезе ккола гьезул бахIарчилъиялда рекъон хьвадизе. Нилъ мукIурлъизе ккола нилъеца росдадаги, районалдаги, Дагъистаналдаги, гIун бачIунеб гIелалдаги цебе бугеб жавабчилъиялде кIвар кьолеб гьечIолъиялде. Нилъер щивас гьикъизе ккола жиндаго щиб дица гьабураб хъизаналъе, росдае, районалъе, Республикаялъеян. Лъица, дица гурони гьеб гьабизе кколеб, абун. Гьединаб рекIел ахIигун хитIаб гьабуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас. Гьесие ракI-ракIалъ бокьула Дагъистанги, Дагъистаналъул халкъги. Республика тIегьазабиялъе живгоги хIалтIулев вуго цогидалги хIалтIизе тIамулел руго. Гьединлъидалин Рамазан ГIабдулатIиповас хитIаб гьабулеб бугеб Дагъистаниздехун, хасго улубуздехун, лъимал куцаян ва гьезие насихIатал гьареян абун. БукIине кколеб тарбия щвечIони Дагъистан тIегьаларилан абуна гьес жиндирго кIалъаялъулъ руччабазул форумалда. Гьеб битIарабги буго. Эбелалъ кинабго жо биччала рекIелье. Жакъа кьоялда эбел-инсуца кIудияб кIвар кьезе ккола лъималазе кьолеб тарбиялдеги лъаялдеги, гьеб мехалъ тIубанго улбузда бихьила рахIатаб гIумру. Жакъа кьоялда нилъ мукIурлъизе ккола цо-цо эбел-инсуца лъималазе букIине кколеб тарбия кьолеб гьечIолъиялъе. Гьезие аслиябльун кколеб буго гIарац. Гьеб лъикI гьечIо. Амма районалда руго гIемерал хъизанал лъималазе жидеца лъикIаб тарбия кьурал ва гьел лъималаз лъикIал ишаздалъун рагIизабуна жидерго цIарги, тухумги росуги ва Дагъистанги ва нилъ гьездаса чIухIаралги руго. Дун кутакалдаса йохарай йиго лъималазе лъикIаб тарбия кьурал улбул гьанир залалда рукIиналдаса. Эбел-инсул хIурмат бугел лъималаз киданиги квешал ишал гьаруларо. Ахираб заманалда гIадада холел руго нилъер лъимал. Терракталгьариялдалъун чIван лъолел руго щибго гIайиб гьечIел гIадамал. Лъицаха гьел терракталгьарулел ругелги .Тарбия кьеялъулъ эбел-инсуца мукъсанлъи ва гIумруялде лъимал хIадурулаго эбел-инсуца сундулъ бугониги гIунгутIи биччарал лъималаз.

Гьединго гIайиб буго школазда, обществоялда . ЛъилгIаги щаклъи гьечIо васал камиялда бан эбелалъулги инсулги рекIелъ ругьун лъолеб букIиналда. Амма гьезда лъазе ккола сундуе гIоло васаз гIумру



кьурабали. Гьебго лъазе ккола обществоялдаги. Дагъистаналъул тушбабаца кинабго гьабулеб буго Россиялдаса Дагъистан тIезабиялъе. Гьелъиейин абуни гьез хIалтIизабулеб буго ислам. Гьеб буго тушбабаца ургъун бахъараб идеология. Гьеб идеологиялдалъун нух бахъулеб буго гьез гIолохъанаб гIелалъул рекIелъеги. ГIадахъ босулеб гьечIо лъазарулел суал. Гьелда бан, Дагъистаналъул бетIерас цебе лъун буго лъималазе тарбиягун лъай кьеялъул ишалъулъ эбел-инсул жавабчилъи борхизабиялъул суал.

Нилъер гIолохъаби унел руго динияб лъай босизе къватIисел пачалихъазде. Гьеб цо рахъалъа лъикI буго, лъикIаб даражаялда лъай щвей. Амма гьаб заманалда гьез Дагъистаналъе кIудияб пайдаги гьабичIо. Кинаб пайда букIунеб вацас вацасда квер борхулеб мехалъ.

Республикаялъул форумалда руччабаз борхана кIвар бугел суалал: кида лъугIизесеб бикъа-хъами, коррупция, террор. Кин нижеца цIунилел лъимал? Нилъеца кIвар кьезе ккола гIунбачIунеб гIел битIараб нухда лъеялде. Гьелъиейин абуни рукIине ккола хIалтIаби, руссине бакIал.

ХIамзатова Жамиля, МигIарсо гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель:

-ХIурматиял гьалбал! РакI-ракIалъ салам кьола нужее киназего. Жакъа кьоялъул унтараб суал борхизе бокьун буго, гьабищ нилъее умумуца малъун букIараб нух. ЯхI-намус, гIаданлъи -кида нилъеца гьелда тIаса гали босараб. Лъица бугониги, батIиял чагIаца малъулеб буго кин гIумру гьабизе кколебали. Бечедазда берцин рихьуледухъ руго хьвадулел. ЗагIипал руго хIакъир гьарулел, щим буго гIадамазул бадиб бихьулеб. Интернеталъ, компьютералъ, чIвай-хъвеялъул-кинабаз куцулеб буго жакъасеб гIел. Наркотикал, казено, вагьабизм гьебин абуни кинабго хIакъикъат буго. Гьелдаса нилъ эркен гьариялъе щун вуго гIакъилав ва гIадан вичIчIулев Дагъистаналъе нухмалъулев.

ХIурматиял руччаби, улбул, нилъеца кIвар кьезе ккола гIун бачIунеб гIел битIараб нухда лъезе, гьелъиейин абуни нилъеца хIалтIизаризе ккола Къуръаналдаса аяталги, аварагасул (с.гI.т.в) хIадисалги. БатIияб къагIидаялда тарбия кьезе нилъее захIмалъила. Гьеб нухдаса лъимал рачине нилъеда тIадаб буго. Нилъ руссине ккола нилъерго гIадатазде. Бищун кIудияб бечелъи буго нилъеца лъималазе кьолеб лъикIаб тарбия.

Шамхалова ПатIимат, Болъихъ №3 школалъул директор:

-ГIемерисел руччаби руго лъималазе хинкI бахъулел. Аслияб гьечIониги, гьебги кIвар бугеб иш буго. Бугониги тарбиялдеги кIвар кьезе ккола. Эбелалда тIадаб буго лъимал битIараб нухде ккезаризе. Нилъер гIасруялда рукъалъул хважаинлъун лъугьун буго телевизор. Гьелъ рачунел руго мекъаб нухде, коррупциялде ва гь. ц. ЧIвалел руго лъикIалъикIал васал. Фазу ГIалиевалъул руго гьадинал рагIаби: «Кибе речIчIаниги гулла, эбелалъул рекIелъе щола». Дир хьул буго республикаялда тIобитIараб форумги жакъасеб данделъиги гIадатлъун лъугьиналда ва гьелъ лъикIаб хьвадиялъе мисал бихьизабиялда.

Гьединго кIалъазе рахъана районалъул бетIерасул заместитель ГI. ГIабдулдибиров, райархивалъул заведующая П. ГIалиева, администрациялъул пресс-секретарь Ж. АхIмадудинова.

***П. ДИБИРОВА.***

## ГIУСМАНОВ МУХIАМАДНУР ШАРАПУДИНОВИЧ



Дагъав цевегIан Аллагьасул къадаралдалъун нилъедасан ватIалъана МухIамаднур Шарапудинович ГIусманов. Абадиялъего берал къанцана унго-унгояв, кIвар ва хIинкъи бугел такъсириял ишал рагьиялъул ва балъгоял, пачалихъалъул хIинкъигьечIолъиялда хурхарал такъсиразде данде рагъ баялъулги рахъалъ Дагъистан тун къватIивги машгьуравлъун вукIарав чекистасул.

М-Н. ГIусманов гьавуна 1925 соналда Болъихъ росулъ тIоцевесев советиявучитель,районалдагIемерал жавабиял ишазда ракIбацIцIадго хIалтIарав, гIаданлъиялъул рахъалъ мисалиявлъун вукIарав ГIусманов Шарапудинил хъизаналда. ЛъикIаб тарбия-лъайги кьун гIезаруна гьес васал ва гьездаго цадахъ МухIамаднурги.

Лъебералда хадур соназ ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъги бихьизабураб хIинкъи гьечIолъиялъухъги, ритIухълъиялъухъги М-Н. ГIусманов мустахIикълъана ВатIаналъул орденазегун медалазе ва КГБялъул тIадегIанал органазул баркалабазе.

Республикаялъул КГБялъул аппараталда гIемерал соназ хIалтIулаго М-Н. ГIусмановас гIемер кумек гьабуна районцоязе МахIачхъала шагьаралда гьезул ихтиярал цIуниялъулъ ритIухълъи батиялъеги ва цогидал хIажалъабазеги. Гьев вукIана тIадегIанаб гIаданлъиялъул, берцинаб хьвада-чIвадиялъул, гIадамаздехун лъикIлъи бокьиялъулаб бербалагьиялъул интернационалист. КГБялъул гIолохъанал хIалтIухъабазул унго-унгояв насихIатчиги гIакълучиги вукIана гьев. ГIадамазда гьоркьоб гьесул къадру-къимат кидаго букIана борхалъуда.

Гьединавлъун хутIила М-Н. ГIусманов гьев ва гьесул ишал лъалелщиназул ракIазулъ.

Районалъул Собрание, райадминистрация ва рагъулгун захIматалъул ветераназул райсовет, ФСБялъул Болъихъ районалда бугеб отдел

Утерянное свидетельство о госрегистрации права собственности 05-АА№157421, выданное 28.10.2008г. на имя Османова Магомедрасула Муртузовича **считать недействительным.**